

OPÒTINITE EGAL SE LALWA

Li kont lalwa pou Resipyan asistans finansye Federal fè diskriminasyon sou baz swivan an:

Kont nenpòt moun Ozetazini, sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa kwayans; epi kont nenpòt benefisyè pwogram ki resevwa asistans finansyè anba Tit I nan Lwa sou Inovasyon ak Opòtinite Mendèv la (WIOA), sou baz sitwayènte/estati benefisyè a kòm yon imigran legal ki otorize pou travay Ozetazini, oswa patisipasyon li nan nenpòt pwogram oswa aktivite ki resevwa asistans finansyè Tit I WIOA. Resipyan an pa dwe fè diskriminasyon nan okenn domèn swivan sa yo: deside ki moun ki pral admèt, oswa gen aksè, a nenpòt pwogram oswa aktivite èd finansye Tit I WIOA an; bay opòtinite nan, oswa trete nenpòt moun ki gen rapò ak, yon pwogram oswa aktivite konsa; oswa pran desizyon travay yo nan administrasyon, oswa an koneksyon avèk, yon pwogram oswa aktivite konsa.

Kisa pou w fè si w kwè ou te eksperimente diskriminasyon

Si ou panse ou te sibi diskriminasyon anba yon pwogram èd finansyè Tit I WIOA oswa aktivite, ou ka pote yon plent nan 180 jou apati dat swadizan vyolasyon an ak swa:

Non Resipyan Ofisye EO

Non Òganizasyon an

Adrès

Telefòn

Imèl

Direktè

Office of Diversity, Equity, Inclusion and Access
New York State Department of Labor
State Office Campus, Building 12, Room 540
Albany, New York 12226

TELEFÒN: 518-457-1984

(TDD) 1-800-662-1220

(VWA) 1-800-421-1220

Oswa ou ka depoze yon plent dirèkteman avèk:

Direktè

Civil Rights Center (CRC)
U.S. Department of Labor
200 Constitution Avenue, NW
Room N-4123
Washington, D.C. 20210

Si w depoze plent ou an ak resipyan an, ou dwe tann swa jiskaske resipyan an bay yon Avi Aksyon Final alekri, oswa jiskaske 90 jou pase (kèlkeswa sa ki pi bonè), anvan w depoze nan Sant Dwa Sivil la (gade adrès pi wo a). Si moun resipyan an pa ba ou yon Avi Aksyon Final alekri nan lespas 90 jou apati jou ou te depoze plent ou a, ou pa oblije tann resipyan an bay Avi sa a anvan ou depoze yon plent bay CRC. Sepandan, ou dwe depoze plent CRC ou an nan 30 jou apre dat limit 90 jou a (sa vle di, nan lespas 120 jou apre jou ou te depoze plent ou a ak resipyan an). Si resipyan an ba ou yon Avi sou Aksyon Final alekri sou plent ou a, men ou pa satisfè ak desizyon an oswa rezolisyon an, ou ka depoze yon plent nan CRC a. Ou dwe depoze plent CRC ou nan lespas 30 jou apre dat ou te resevwa Avi Aksyon Final la.